

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kaparigelan basa dina kurikulum sakola miboga opat kaparigelan, nya éta: ngaregepkeun, nyarita, nulis, jeung maca. Salah sahiji kaparigelan anu kudu dikawasa ku siswa nyaéta kaparigelan maca. Kaparigelan maca miboga kalungguhan anu penting dina prosés pangajaran di sakola sabab kasuksésan siswa dina pangajaran di sakola pikeun mekarkeun élmu pangaweruh anu dipangaruhan ku kamampuh maca siswa. Ieu luyu jeung pamadegan Syafi'ie (2008) anu nétélakeun yén kaparigelan anu kudu dikawasa ku siswa salah sahijina nyaéta kaparigelan maca. Maca mangrupa hiji prosés anu dilakukeun ku pamaca pikeun nyangking pesen atawa informasi anu hayang ditepikeun ku panulis ngaliwatan média kecap atawa basa tinulis. Sedengkeun nurutkeun Nurhadi (2018) maca nyaéta prosés ngolah maca sacara kritis-kréatif nu dilakukeun pamaca pikeun nyangking pamahaman sakabéh ngeunaan nu di bacana.

Kamampuh maca bisa diklasifikasikeun kana sababaraha jenis, nya éta kamampuh maca pamahaman, kamampuh maca ngilo, sarta kamampuh maca téknis (Farida, 2011). Salah sahiji unsur kagiatan maca nyaéta pamahaman (*understanding*). Maca pamahaman mangrupa salah sahiji cara pikeun nambahan pangaweruh jeung informasi. Nurutkeun Somadayo (2011) yén maca pamahaman nya éta kagiatan atawa hiji aktivitas anu dilaksanakeun ku pamaca pikeun matalikeun informasi anyar jeung informasi heubeul kalawan maksud pikeun nyangking pangaweruh anyar.

Unggal jenis kamampuh maca diajarkeun di sakola dina unggal tingkatan, kitu deui kamampuh maca pamahaman bisa diajarkeun ngaliwatan matéri ajar basa Sunda. Salah sahijina pangajaran maca anu aya di kelas VIII SMP/MTs nya éta pangajaran carita pondok.

Carita pondok biasana disingget jadi carpon, mangrupa istilah dina basa Sunda ari *cerpen* atawa *cerita pendek* mangrupa istilah dina sastra Indonesia (Rosidi, 2018). Bedana, ari carpon mah eusina ditulis make basa Sunda sedengkeun

Destyara Savitri, 2023

**METODE PREVIEW, QUESTION, READ, SUMMARY AND TEST DINA PANGAJARAN MACA
PAMAHAMAN CARITA PONDOK (Studi kuasi Eksperiment ka Siswa Kelas VIII A SMPN 1 Lembang
Taun Ajaran 2022/2023)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

cerpen mah make basa Indonesia. Nurutkeun Isnendes (2010) carita pondok nyaéta karangan fiksi dina wangun tinulis anu sipatna rékaan anu galur caritana rélatif basajan sabab kajadian caritana henteu réa, museur kana hiji kajadian tur palakuna ukur dua atawa tilu urang. Jejer jeung latar carita pondok nyampak dina kahirupan kiwari.

Pangajaran maca carita pondok jadi salah sahiji matéri nu aya dina kurikulum 2013 Revisi 2017 Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda jenjang SMP/MTs kelas VIII anu Kompetensi Dasar (KD) eusina 3.7 *memahami dan mengidentifikasi struktur, unsur, dan aspek kebahasaan carita pondok*.

Dumasar rumusan Kompetensi Dasar di luhur mangrupa dadasar penting dina kaparigelan maca nu kudu dikawasa ku unggal siswa, yén siswa diparedih bisa maham jeung ngaindentifikasi struktur, unsur jeung aspék basa anu aya dina carita pondok. Struktur nu aya dina carita pondok nya éta narasi jeung dialog. Unsur instrinsik dina carita pondok ngawengku téma, waték, galur carita, puseur carita, latar, jeung amanat. Dina aspék basa tina carita pondok nya éta kalimah langsung jeung teu langsung, gaya basa, jeung pikiran utama dina carita pondok. Sanajan dina pangajaran maca pamahaman carita pondok geus aya katangtuan ngeunaan aspék-aspék dina Kompetensi Dasar anu kudu dihontal jeung dikawasa ku siswa, tapi dina hasil kanyataan di lapangan, loba na siswa anu ngarasa can bisa maham jeung ngawasa tilu aspék dina pangajaran maca carita pondok.

Dumasar hasil wawancara nu dilaksanakeun ka sababaraha siswa kelas VIII A SMPN 1 Lembang, salah sahijina nyebutkeun yén siswa kurang bisa maham kana eusi bacaan dina basa sunda lantaran kurangna pamahaman siswa kana kosa kecap basa sunda, Ku sabab kituna teu saeutik siswa nu nganggap basa Sunda téh basa anu hésé. Nurutkeun Wahyuni (2010) kamampuh siswa kana ngawasa bahan bacaan ogé masih kénéh kurang, siswa ngan saukur mampuh ngawasa 30% eusi tina matéri bacaan. Tangtu mangaruhan kana pamahaman siswa ngeunaan eusi bacaan anu antukna pikeun maham struktur, unsur jeung aspék basa dina carita

pondok ogé siswa ngarasa teu bisa. Tangtu waé ieu mangruhan kana siswa teu bisa ngahontal kana kompetensi dasar anu geus ditetepkeun.

Salian ti éta Siswa ngarasa kurang percaya diri nalika nepikeun pamadegan dina hiji bacaan lantaran teu biasa maca bacaan basa Sunda, sarta geus jarang maké basa Sunda dina kahirupan sapopoé, lantaran dina jaman kiwari siswa leuwih milih maké basa asing dibanding make basa Sunda di kahirupan sapopoé, nu matak teu saeutik siswa ngarasakeun kahéngkérana dina maca jeung maham maké basa Sunda. Hal ieu luyu jeung pamadegan Widyastuti, Awaliah & Nurgraha (2017) anu ngébréhkeun yén, réa siswa nu teu kairut dina pangajaran maca balukarna siswa teu bisa ngahontal dina kaparigelan maca. Aya sababaraha hal anu ngabalukarkeunnana di antarana nyaéta siswa teu bisa maca téks dina basa Sunda, pangajaran anu teu aya dina Ujian Nasional (UN), jeung basa Sunda teu digunakeun dina kahirupan sapopoé nepi ka sakola nu leuwih luhur.

Kitu deui loba siswa anu ngarasa kurang kairut dina pangajaran maca, sabab nurutkeun Iswara (2014) ngébréhkeun yén masalah anu kiwari nyangkaruk dina diri siswa ngeunaan maca, nya éta kurang kamampuh siswa. Nempo buku anu kandel, nempo téma nu asing, jeung basa nu asing, ngabalukarkeun siswa kurang minat maca buku.

Biasana dina pangajaran carita pondok guru ngagunakeun métode ceramah, salian ti éta biasana guru nitah siswa ukur macakeun di hareup kelas, anu ngabalukarkeun siswa ngarasa bosen salila prosés pangajaran. Ieu ngabuktikeun yén kurangna kréasi métode jeung model dina pangajaran maca sarta kurang luyuna métodé pangajaran anu dipaké ku guru dina prosés pangajaran.

Tina pedaran di luhur, Ieu bisa dicindekkeun yén kamampuh siswa dina pangajaran maca pamahaman carita pondok masih kawilang handap sarta guru kudu miboga métode pangajaran nu aktif tur kréatif sangkan bisa ngamekarkeun kaparigelan siswa dina maca carita pondok. Métode pangajaran anu digunakeun ku guru tangtu mangaruhan kana suksés atawa henteuna kagiatan pangajaran di kelas. Tétéla dina ieu hal katitén perlu ayana kasaluyuan antara materi jeung métode pangajaran, siswa jeung guru dina prosés ngajar diajar.

Destyara Savitri, 2023

**METODE PREVIEW, QUESTION, READ, SUMMARY AND TEST DINA PANGAJARAN MACA
PAMAHAMAN CARITA PONDOK (Studi kuasi Eksperiment ka Siswa Kelas VIII A SMPN 1 Lembang
Taun Ajaran 2022/2023)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Pangajaran maca kudu diajarkeun sacara kréatif jeung variatif sangkan siswa bisa maham eusi bacaan, ku cara ngagunakeun métode pangajaran maca anu luyu jeung matéri. Tujuanna sangkan bahan pangajaran maca bisa katarima kalawan dipikaharti ku siswa. Ku lantaran kitu perlu aya tarékah pikeun nungkulan éta masalah, salah sahiji métode pangajaran anu dianggap bisa dilarapkeun dina kamampuh maca pamahaman dina carita pondok nyaéta maké métode PQIRST (*Preview, Question, Read, Sumary, Test*).

Métode PQIRST (*Preview, Question, Read, Sumary, Test*) mangrupa métode pikeun nyangking informasi sacara detail jeung maluruh dina hiji bacaan anu mampuh mekarkeun sikep kritis sarta siswa bisa leuwih maham dina matéri pangajaran, hususna dina aspék maca. Sakumaha anu ditétélakeun ku Ermanto (2019). Kitu deui Abidin (2016) nétélakeun yén métode PQIRST miboga lima tahap nyaéta, metode *Preview, Question, Read, Sumary, Test* anu mangrupa salah sahiji métode nu bisa dilarapkeun pikeun maca pamahaman. Ku kituna, métode ieu mangrupa altérnatif dina ngaronjatkeun kamampuh maca pamahaman siswa.

Dina métode PQIRST, siswa bisa leuwih aktif tur kréatif ngamekarkeun kaparigelan maca carita pondok. Ku kituna, ngaliwatan ieu métode dipiharep bisa ngaronjatkeun kamampuh maca carita pondok kalawan hasilna nyugemakeun. Nurutkeun Litualy & Seleky (2018) métode PQIRST salah sahiji téhnik maca anu miboga lima tahapan anu sistematis, éfisieun, jeung praktis anu bisa ngagampangkeun siswa sangkan bisa maham eusi bacaan kalawan nyangking informasi sacara gampang tur gancang utamana kana matéri anu kawilang hésé sarta bisa ngabantu siswa pikeun bisa konséntrasi leuwih lila.

Kamampuh maca mangrupa jadi salah sahiji kaparigelan anu kudu bisa dicangking ku siswa. Ku kituna, ieu panalungtikan penting dilaksanakeun lantaran ieu métode dianggap bisa ngaronjatkeun kamampuh maca pamahaman carita pondok pikeun siswa kelas VIII SMP, dipiharep siswa bisa mampuh maham kana eusi, struktur unsur jeung aspék kabasaan sarta nginget tur maham dina carita pondok anu dibacana. Hal ieu luyu jeung Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal K13 Revisi 2017 kompetensi inti jeung kompetensi Dasar (KIKD) pangajaran Basa

Destyara Savitri, 2023

METODE PREVIEW, QUESTION, READ, SUMMARY AND TEST DINA PANGAJARAN MACA PAMAHAMAN CARITA PONDOK (Studi kuasi Eksperiment ka Siswa Kelas VIII A SMPN 1 Lembang Taun Ajaran 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sunda jenjang SMP/MTs kelas VIII anu eusi KD 3.7 *memahami dan mengidentifikasi struktur, unsur, dan aspek kebahasaan carita pondok*.

Dumasar KD di luhur dicindekkeun yén pangajaran maham carita pondok kudu dicangking ku siswa. Ku kituna, kudu aya métode pangajaran anu cocog pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina maham eusi, nganalisis struktur, unsur, jeung aspek kabasaan dina carita pondok kelas VIII A di SMPN 1 Lembang Taun ajar 2022/2023.

Panalungtikan ngeunaan maca pamahaman carita pondok kungsi dilakukeun saacanna ku Raiyan Zakaria (2021) anu judulna “ *Média Webtoon Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Maca Pamahaman Carpon (Studi Kusi Eksperimen ka Siswa kelas VIII SMPN 2 Jatiwangi Taun Ajaran 2021/2022)* ” yén kamampuh maca pamahaman dina carita pondok téh bisa dironjatkeun ngagunakeun media webtoon. Salian ti éta, aya ogé ngeunaan panalungtikan ngeunaan métode PQIRST nu dilakukeun ku Muhibbah (2023) kalawan judul “ *Efektivitas Metode PQIRST Untuk Meningkatkan Keterampilan Membaca Pemahaman Teks Éksplanasi di kelas V Sekolah Dasar Negeri 3 Gunungsari* ”. Anu nétélakeun yén métode PQIRST éféktif pikeun ngaronjatkeun minat maca jeung kaparigelan maca pamahaman dina téks éksplanasi.

Sanajan geus réa nu nalungtik ngeunaan boh métode boh pangajaran carita pondok, tapi ari pangajaran Carita pondok ngagunakeun métode PQIRST mah can kungsi aya. Ngaliwatan ieu métode dipiharep guru bisa ngontrol kamampuh siswa dina maham eusi bacaan. Hal nu jadi sasaruuan nu baris ditalungtik nya éta métode pangajaran. Sedengkeun anu ngabédakeun nya éta matéri ajar jeung sumber data nu baris ditalungtik. Dina ieu panalungtikan leuwih nekenkeun kana éféktivitas métode PQIRST dina pangajaran maca pamahaman carita pondok.

Udagan dina ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun ngungkulan masalah nu aya di unggal siswa. Héngkerna kamampuh maca siswa dina maham nu jadi cukang lantaran ku kituna kudu dilarapkeun kalawan maké métode PQIRST anu luyu jeung pasualan nu karandapan pikeun siswa leuwih ngirut dina minat maham bacaan.

Destyara Savitri, 2023

METODE PREVIEW, QUESTION, READ, SUMMARY AND TEST DINA PANGAJARAN MACA PAMAHAMAN CARITA PONDOK (Studi kuasi Eksperiment ka Siswa Kelas VIII A SMPN 1 Lembang Taun Ajaran 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Pentingna ieu panalungtikan nyaéta pikeun ékspérimént dina ngalarapkeun métode pangajaran anu éféktif pikeun ngaronjatkeun proses diajar siswa, luyu jeung kasus anu nyampak dina pangajaran. Ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh dina ngamekarkeun pangajaran basa sunda ngaliwatan ieu métode pikeun ngungkulan masalah-masalah akademis. Ku Kituna, dilaksanakeun panalungtikan anu dijudulan “*Métode Preview, Question, Read, Summary and Test* Dina Pangajaran Maca Pamahaman Carita Pondok (Studi kuasi ékspérimén ka Siswa kelas VIII A SMPN 1 Lembang Taun Ajar 2022/2023).

1.2 Idéntifikasi Masalah

- a. Kamampuh maca pamahaman kana eusi carpon anu dibaca siswa kelas VIII A SMPN 1 Lembang masih kurang sarta dianggap hésé. kitu deui kamampuh siswa pikeun ngaindéntifikasi sarta maham kana unsur, struktur, jeung aspék basa dina carita pondok masih kénéh kurang. Anu mangrupa struktur tina carita pondok nya éta narasi jeung dialog. Unsur intrinsik tina carita pondok nu ngawengku téma, galur carita, latar, amanah jeung sudut pandang. Aspék basa tina carita pondok nya éta gaya basa kalimah langsung jeung teu langsung, sarta pikiran utama dina carita pondok. Siswa ngarasa teu paham kana eusi tina carita pondok lantaran ayana kekecepan anu teu dipikaharti sarta kurangna minat siswa dina maca carita pondok ieu anu ngabalukarkeun siswa salah nangtukeun struktur, unsur, jeung aspék kabasaan tina carita pondok.
- b. Guru kurang ngalarapkeun ayana métode pangajaran anu antukna siswa jadi ngarasa bosen jeung ngabalukarkeun kagiatan pangajaran jadi monoton.
- c. Métode pangajaran PQRS (Preview, Question, Read, Summary, Test) can kungsi digunakeun dina ngungkulan pasualan maca pamahaman carita pondok di SMPN 1 Lembang Taun Ajar 2022/2023.

1.2.1 Rumusan Masalah

- a. Kumaha kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa Kelas VIII-A SMPN 1 Lembang Taun Ajar 2022/2023 saméméh ngagunakeun métode PQRS (Preview, Question, Read, Summary, Test)?

Destyara Savitri, 2023

METODE PREVIEW, QUESTION, READ, SUMMARY AND TEST DINA PANGAJARAN MACA PAMAHAMAN CARITA PONDOK (Studi kuasi Eksperiment ka Siswa Kelas VIII A SMPN 1 Lembang Taun Ajaran 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- b. Kumaha kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa Kelas VIII-A SMPN 1 Lembang Taun Ajar 2022/2023 sabada ngagunakeun PQRS (Preview, Question, Read, Sumary, Test)?
- c. Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa Kelas VIII-A SMPN 1 Lembang Taun Ajar 2022/2023 saméméh jeung sabada ngagunakeun métode PQRS (Preview, Question, Read, Sumary, Test)?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana hal anu geus di pedar dina bagian kasang tukang, idéntifikasi masalah, jeung rumusan masalah, ieu panalungtikan miboga dua tujuan, nya éta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan pikeun nguji éféktivitas métode pangajaran PQRS (Preview, Question, Read, Sumary, Test) dina pangajaran maca pamahaman carita pondok di kelas VIII-A SMPN 1 Lembang Taun Ajar 2022/2023.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan ieu panalungtikan pikeun ngadéskripsikeun kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa kelas VIII-A di SMPN 1 Lembang Taun Ajar 2022/2023 saméméh, sabada jeung beda anu signifikan saméméh jeung sabada ngagunakeun métode PQRS (Preview, Question, Read, Sumary, Test).

1.4 Manfaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga sababaraha manfaat anu dijembarkeun kana dina bagian, nya éta manfaat teoritis jeung manfaat praktis.

1.4.1 Manfaat Téoritis

Sacara teoritis, ieu panalungtikan dipiharep sangkan bisa manfaat pikeun dunya atikan dina méré pangaweruh jeung informasi ngeunaan métode PQRS dina kamampuh maca pamahaman carita pondok.

Destyara Savitri, 2023

METODE PREVIEW, QUESTION, READ, SUMMARY AND TEST DINA PANGAJARAN MACA PAMAHAMAN CARITA PONDOK (Studi kuasi Eksperiment ka Siswa Kelas VIII A SMPN 1 Lembang Taun Ajar 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.4.2 Mangapaat Praktis

Mangapaat praktis ieu panalungtikan dipedar saperti di handap.

- a. Pikeun siswa, sangkan bisa mikanyaho mangpaat métode PQRSST dina pangajaran maca pamahaman carita pondok tur aktif dina kagiatan pangajaran sarta bisa ngaronjatkeun motivasi jeung ngalatih siswa dina kamampuh maca pamahaman dina carita pondok.
- b. Pikeun guru, jadi alternatif dina pangajaran maca di sakola tur bisa nambahan pangaweruh dina ngagunakeun métode-métode pangajaran anu éféktif ogé bisa meunangkeun gambaran ngeunaan kamampuh siswa dina maca pamahaman.
- c. Pikeun panalungtik, bisa mikanyaho bédana kamampuh siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun métode PQRSST. Nepi ka apal kumaha éféktivitas métode PQRSST dina kamampuh maca pamahaman dina pangajaran carita pondok.

1.5 Raraga Tinulis

Dina ieu skripsi, raraga tulisan diwangun ku lima bab, anu diwincik saperti ieu di handap.

BAB I Bubuka, anu ngawengku kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, tujuan praktis, mangpaat umum panalungtikan, mangpaat tioritis, mangpaat praktis jeung raraga tulisan.

BAB II nu ngawengku ulikan pustaka anu eusina tiori métode PQRSST, tiori kamampuh maca pamahaman carita pondok, panalungtikan saméméhna, raraga mikir, jeung hipotésis nu patali jeung panalungtikan.

BAB III Metodologi Panalungtikan anu ngawengku desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, instrument panalungtikan, prosedur panalungtikan, jeung analisis data dina ieu panalungtikan.

BAB IV Hasil panalungtikan jeung pedaran, anu ngawengku kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa kelas VIII-A SMPN 1 Lembang Taun Ajar 2022/2023 saméméh ngagunakeun métode PQRSST (*Preview, Question, Read, Sumary, Test*) kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa kelas VIII-A SMPN 1 Lembang Taun Ajar 2022/2023 sabada ngagunakeun métode pangajaran PQRSST (*Preview, Question, Read, Sumary, Test*), analisis béda signifikan

Destyara Savitri, 2023

METODE PREVIEW, QUESTION, READ, SUMMARY AND TEST DINA PANGAJARAN MACA PAMAHAMAN CARITA PONDOK (*Studi kuasi Eksperiment ka Siswa Kelas VIII A SMPN 1 Lembang Taun Ajaran 2022/2023*)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa kelas VIII-A SMPN 1 Lembang Taun Ajar 2022/2023 antara saméméh jeung sabada ngagunakeun make métodé PQRST (*Preview, Question, Read, Sumary, Test*) jeung pedaran hasil panlungtikan.

BAB V Kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi tina hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun.